

DOKUMEN NEGARA
SANGAT RAHASIA



NAMA :
NO :

PENILAIAN TENGAH SEMESTER GENAP
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2021 / 2022

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Hari / Tanggal : Jumat, 25 Maret 2022
Kelas : 5	Waktu : 75 Menit

Wangsulana pitakon – pitakon ing ngisor iki kanthi nulis aksara A, B, C, utawa D miturut wangsulane sing paling trep ing kolom sing wis disedhiyake!

Wacan ngisor iki kanggo soal nomer 1 – 5

Kebun teh Jamus mapan ana ing kutha Ngawi. Papan iki kalebu papan wisata unggulan kang bisa dadi jujukane para wisatawan. Saben wayah preiyan mesthi akeh para wisatawan sing pada plesiran ing papan kene. Saliyane hawane adhem papan iki ugo nyuguhake sesawangan kang endah nyengsemake ati. Nalika para wisatawan mlebu ing papan iki bakal disuguhi wit – witan teh kang ijo royo – royo. Ing papan kono uga ana sawijine sumber lanang lan sumber wadon kang banyune bening tur seger. Mulo ora mokal menawa papan iki dadi asset wisata kang perlu dilestarekake.

- Wacan ing dhuwur yen dideleng saka isine kalebu jenise teks
 - narasi
 - deskripsi
 - eksposisi
 - argumentasi
- Kebun teh Jamus mapan ana ing kutha
 - Madiun
 - Nganjuk
 - Ngawi
 - Malang
- Kebun teh Jamus kalebu papan wisata unggulan buktine
 - ramene wong pas preiyan
 - dadi jujukane para wisatawan
 - papane adhem lan akeh wit – witan
 - mlebune kudu tuku karcis dhisik

4. Saben wayah preiyan mesthi akeh wisatawan sing pada plesiran ing papan kene. Tembung “plesiran” tegese
- A. rekreasi
 - B. sinau
 - C. mondhok
 - D. nginep
5. Sak liyane nyuguhake sesawangan wit – witan kang asri, papan iki ugo nyuguhi
- A. warung – warung
 - B. sumber lanang lan wadhon
 - C. sawah kang amba
 - D. alas kang wingit
6. Pari – walang – kodhok – ula – manuk, iku kalebu ekosistem
- A. segoro
 - B. alas
 - C. sawah
 - D. kebun
7. Panganan khas daerah Gresik iku pudhak. Rasane enak teksture empuk. Bungkuse wernane putih. Bien isine warnane putih. Saiki werna – werna, ana sing abang lan ijo. Panganan iki akeh di temui neng pasar – pasar sak Gresik.
- Wacan ing duwur termasuk teks
- A. narasi
 - B. deskripsi
 - C. eksposisi
 - D. persuasif
8. Apem iku kalebu panganan tradisional saka Jawa Tengah. Rasane sing legi nanging uga ana kecut – kecute sitik sing gawe apem tambah enak. Ing jaman saiki kue – kue tradisional wes langka amarga saiki wes akeh panganan saka negara liyane sing nyebar ning pirang – pirang wilayah. Teks ing nduwur iku ndeskripsikake panganan sing jenenge
- A. klepon
 - B. apem
 - C. lupis
 - D. klanting

9. Sing diarani teks dheskripsi iku njlentrehake
- A. samubarang
 - B. crita lakon
 - C. urutan wektu
 - D. tetembangan
10. Narasi nerangake saweneh kegiatan kanthi runtut lan jelas, nganti sing maca kaya ... tenan.
- A. ngalami
 - B. maca
 - C. nulis
 - D. nggambar
11. Salah sijine titikane teks dheskripsi yaiku
- A. kabeh kedadean diurut kanthi urutan wektu
 - B. pamaca ora bisa ngrasakake utawa ngangen – angen kedadean kang ana
 - C. pamaca ora bisa nggambarake kedadean
 - D. nggambarake kedadean kang cetha
12. Kanggo nglestarekake lingkungan, yen mbuwang uwuh kudu ing
- A. kali
 - B. pasar
 - C. panggonan uwuh
 - D. latar
13. Rabuk kompos duwe sipat ora ngrusak lingkungan. Ora ngrusak lingkungan tegese
- A. ora ngrusak tanduran
 - B. ora ngrusak lemah
 - C. ora ngrusak oyot
 - D. ora ngrusak woh
14. Teks sing ceritane ngandhung pengalaman utawa peristiwa sing dialami penulis. Peristiwa sing enek ing sajroning cerita saka kedadeyan nyata utawa karangan ana kronologis wektu, nduweni masalah (konflik), nduwe nilai keindahan. Iku kalebu golongan teks
- A. deskripsi
 - B. narasi
 - C. cerita wayang
 - D. cerita rakyat

15. Nulis karangan narasi kang nggunakake rumus (what) tegese
- A. sapa
 - B. kapan
 - C. kepriye
 - D. apa
16. Ing karangan, kang nduduhake tanggal lan dina kadadean diarani
- A. obyek
 - B. latar wektu
 - C. latar kahanan
 - D. kahanan
17. Untune Ira cilik – cilik racak. Kang kaya mangkene iki panyandrane untune
- A. miji timun
 - B. miji semangka
 - C. mrongos
 - D. gingsul
18. Abang – abang ora legi
Tiwas dagang ora bathi
Ukara iku kalebu
- A. parikan
 - B. paribasan
 - C. panyendu
 - D. panyandra
19. Tembung sing sipate nacad / nyemoni / ngilokno marang kahanane liyan diarani
- A. pepindhan
 - B. panyandra
 - C. panyendhu
 - D. parikan
20. Isine parikan iku manggon ana
- A. gatra (baris) siji
 - B. gatra (baris) loro
 - C. ukara kapisan
 - D. pedhotan siji

21. Sing guweng lambene, dene kero kuwi
- A. irunge
 - B. kupinge
 - C. tangane
 - D. mripate
22. Sing ora kalebu basa rinengga yaiku
- A. panyandra
 - B. panyendu
 - C. pepindan
 - D. kosok balen
23. Tembung panyandra tegese
- A. ngalembana
 - B. nyemoni
 - C. madhakake
 - D. nyacat
24. Duwe lambe kok domble wae, ana apa- apa kok dicacat wae.
Ukara ing dhuwur sing digaris ngisore diarani
- A. parikan
 - B. penyendhu
 - C. cangkriman
 - D. panyandra
25. Basa kang endah utawa basa sastra, endahe krana dipaesi, di rengga – rengga utawa di rumpaka diarani
- A. basa rinengga
 - B. basa guyonan
 - C. basa bagongan
 - D. basa karma desa
26. Wong – wong biyen nganggo gondhel gedhe – gedhe nganti kupinge
Tembung panyendhu kanggo ngganepi ukara iki
- A. gruwung
 - B. piseng
 - C. ndower
 - D. dawir

27. Manuk emprit, menclok godhong tebu

Dadi murid, kudu sregep

- A. lemu
- B. tuku
- C. mlayu
- D. sinau

28. Dewi Shinta drijine cilik dawa. Yen dicandra drijine



- A. nggandhewa pinenthang
- B. mucuk eri
- C. micis wutah
- D. miji timun

29. Gathekne ukara ing ngisor iki, sing kalebu ukara parikan yaiku

- A. antenge kaya dewi sembrodo
- B. godhong klaras godhong kemangi, bocah memelas luruh rezeki
- C. pawakane lencir, kulite kuning
- D. solahe gandhes luwes

30. Ireng – ireng gorengan kopi, ...

Tembung sing mathuk kanggo nggenepi parikan ing dhuwur yaiku

- A. legi – legi rasane gula
- B. ati seneng juwara siji
- C. bocah cilik ajar ngaji
- D. nggenteni bocah sing keru

31. Nalika Gathotkaca gugur, Werkudara maju ing peperangan lan ngamuk kaya bantheng

- A. mlayu
- B. ketaton
- C. lara
- D. abang

32. Cilik – cilik gelangan karet, ...

Tembung sing mathuk kanggo nggenepi parikan ing dhuwur yaiku

- A. mlaku thimik – thimik
- B. abot entheng tak lakonane
- C. isih cilik aja kesed
- D. dhuku cilik – cilik

33. Lumrahe basa rinengga kuwi kanggo nulis
- A. aksara jawa
 - B. sesorah (pidhato)
 - C. kasusastran
 - D. rumus
34. Parmin sikile ... nanging yen balapan mlayu isih bisa ngalahke kancane.
- A. pesek
 - B. nyoro
 - C. manyul
 - D. dingklang
35. Parikan iku kedadeyan saka begean
- A. paraga
 - B. guru lagu
 - C. sampiran lan isi
 - D. sampiran lan bait

36.



Alise mlengkung cilik katon apik. Yen dicandra alise

- A. nduren sajuring
- B. nanggal sepisan
- C. ngudup turi
- D. nawon kemit

37. Eyang kakung ... saking Kalimantan.
- A. wangsul
 - B. teka
 - C. kondor
 - D. mulih
38. Pakdhe uwis ngombe banyune.
Yen dikramake dadi
- A. pakdhe sampun ngombe banyunipun
 - B. pakdhe sampun ngunjuk toyanipun
 - C. pakdhe sampun mundhut yatranipun
 - D. pakdhe sampun nyambut yatranipun
39. Mbak Yani ditimbali Bu RT. Ditimbali ngoko lugune
- A. katimbalan
 - B. diceluk
 - C. dipun timbali
 - D. diutus

40. Kena ngapa koe dodol buku?

Ukara ing dhuwur iku basa kramane dadi

- A. wonten pundi sampean sade buku?
- B. kenapa panjenengan tumbas buku?
- C. kenging napa sampean dodol buku?
- D. kenging napa panjenengan sade buku?